

## **BAB III**

### **MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN**

#### **3.1. Métode jeung Téhnik Panalungtikan**

##### **3.1.1. Métode Panalungtikan**

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode deskriptif.

Métode ieu dipaké lantaran dipiharep bisa ngadéskripsikeyun analisis struktur (anu museur kana karakteristik palaku) jeung ajén kaagamaan (anu ngawengku akidah, ahlak, jeung fikih) dina wawacan “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”. Ku cara ngagunakeun métode déskriptif dipiharep bisa meunangkeun gambaran nu saayana tur objéktip.

Dina ieu panalungtikan ogé dipaké métode édisi téks standar pikeun ngagarap naskah anu ditulis dina aksara Pégon ieu. Métode édisi standar nya éta transliterasi naskah kalayan menerkeun kasalahan-kasalahan leutik jeung anu teu ajeg, éjahanana ogé disaluyukeun jeung katangtuan anu anyar.

Dina métode édisi standar diayakeun papasingan kecap, papasingan kalimah, digunakeun aksara gedé, pungtuasi, ogé ayana koméntar ngeunaan kasalahan-kasalahan téks.

Métode édisi standar digunakeun sangkan panalungtik hususna jeung nu maca umumna bisa babari neuleuman kana maca éta naskah/hasil transliterasi.

### **3.1.2. Téhnik Panalungtikan**

#### **3.1.2.1. Tehnik Ngumpulkeun Data**

Dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka dipaké pikeun ngumpulkeun data kalawan maké cara nalaah sababaraha pustaka sangkan bisa neuleuman tiori-tiori nu aya patalina jeung garapan panalungtikan.

#### **3.1.2.2. Téhnik Ngolah Data**

Téhnik analisis data digunakeun dina ieu panalungtikan nepi ka kapanggih naon-naon anu jadi rumusan masalah sakumaha anu geus disebutkeun méméh, nya éta analisis struktur jeung ajén kaagamaan dina wawacan “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”.

### **3.2. Populasi jeung Sampel Panalungtikan**

#### **3.2.1. Populasi**

Anu jadi populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakumna data nu aya dina dina wawacan “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”.

#### **3.2.2. Sampel**

Sampel anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh palaku jeung ajén kaagamaan (anu ngawengku akidah, ahlak, jeung fiqih) anu aya dina wawacan “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”.

### **3.3. Sumber Data**

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta naskah wawacan anu judulna “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”.

### **3.4. Léngkah-léngkah Garapan**

Léngkah-léngkah garapan dina ieu panalungtikan ngawengku opat tahap, nya éta tahap tatahar, tahap gumpulkaun data, tahap ngolah data, jeung tahap nyusun laporan.

#### **a. Tahap Tatahar**

Léngkah-léngkah dina tahap tatahar ngawengku:

- 1) ngalaksanakeun ulikan pustaka,
- 2) ngasongkeun judul panalungtikan,
- 3) nyusun rarancang panalungtikan, jeung
- 4) konsultasi ka dosén pangaping.

#### **b. Tahap Ngumpulkeun Data**

Léngkah-léngkah dina tahap ngumpulkeun data ngawengku:

- 1) ngumpulkeun bahan anu aya patalina jeung panalungtikan,
- 2) maca buku buku ngeunaan sastra, tiori filologi, jeung ajén kaagamaan,
- 3) ngayakeun konsultasi ka dosén pagaping.

### **c. Tahap Ngolah Data**

Léngkah-léngkah dina tahap ngolah data ngawengku:

- 1) niténan data anu geus dikumpulkeun,
- 2) nyusun transliterasi naskah wawacan Sajarah Lampahing Perwali Kabéh,
- 3) nganalisis wawacan Sajarah Lampahing Perwali Kabéh sakumaha anu geus kaunggel dina rumusan masalah, jeung
- 4) nyindekeun data.

### **d. Tahap Nyusun Laporan**

Tahap nyusun laporan mangrupa tahap pamungkas dina ieu panalungtikan sanggeus data diolah tur dianalisis. Kalayan sistematikana saperti ieu di handap:

PANGAJAP

DAPTAR EUSI

DAPTAR LAMPIRAN

ABSTRAK

BAB I Bubuka

- 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan
- 1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah
- 1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan
- 1.4 Anggapan Dasar
- 1.5 Wangenan Operasional

**BAB II Tatapakan Tiori**

2.1. Wawacan

2.2. Struktur Carita Wawacan

2.3. Ajén Kaagamaan

**BAB III Métodologi Panalungtikan**

3.1 Métode jeung Téhnik Panalungtikan

3.2 Populasi jeung Sampel Panalungtikan

3.3 Sumber Data

3.4 Léngkah-léngkah Garapan

**BAB IV Hasil jeung Pedaran Panalungtikan**

4.1 Déskripsi Naskah Wawacan “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”

4.2 Edisi Téks Naskah Wawacan “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”

4.3 Ringkesan Carita

4.4 Analisis

4.4.1 Struktur Wawacan “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”

4.4.2 Karakteristik palaku “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”

4.4.3 Ajén kaagamaan “Sajarah Lampahing Perwali Kabéh”

**BAB V Kacindekan jeung Saran**

5.1 Kacindekan

5.2 Saran

**Daptar Pustaka****Lampiran****Riwayat Hirup**

